



Pou Piblikasyon Imedya: 07/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE NOUYÒKÈ YO POU PRAN MEZI POU PWOTEJE ENFÒMASYON SOU KONT TAKS PÈSONÈL YO PANDAN SEZON TAKS LA**

*Yo ankouraje Nouyòkè yo pou yo edike tèt yo kont konpwomisyon enfòmasyon prive yo sou entènèt*

*Direktè Enfòmasyon Eta a ak Ofisye Sibè an Chèf la kreye patenarya ak ajans Eta a yo pou sansibilize; pwoteje kont vyolasyon done yo*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a mezi Nouyòkè yo ka pran pou pwoteje tèt yo kont konpwomisyon enfòmasyon sansib yo sou entènèt pandan sezon taks la. Biwo Sèvis Teknoloji Enfòmasyon (Office of Information Technology Services, ITS) Eta mete tèt ansanm ak lòt ajans eta yo pou ede Nouyòkè yo pwoteje enfòmasyon pèsonèl yo pandan sezon taks la, ogmante sansibilizasyon sou manèv eskwokri, lè yo sèvi ak modpas ki solid, epi montre plis prekosyon ak enfòmasyon yo pataje sou rezo sosyal yo.

"Nan yon monn ki deplizanpli dijital, chak Nouyòkè ta dwe pran mezi debaz ki nesèsè yo pou pwoteje done sansib yo kont kriminèl sou entènèt yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan sezon taks la, n ap ogmante sansibilizasyon sou manèv sa yo epi n ap ankouraje tout Nouyòkè yo pou yo pwoteje tèt yo ak enfòmasyon pèsonèl yo pou evite vin yon sib anba aktè san eskripil sa yo."

Aktivite sou entènèt jenere gwo tras done. Sitwèb, aplikasyon, ak sèvis yo kolekte enfòmasyon sou konpòtman, enterè, ak acha ansanm ak lòt done sansib tankou nimewo Sekirite Sosyal ak pèmi kondui oswa enfòmasyon sou sante. Nouyòkè yo ka kenbe enfòmasyon pèsonèl yo prive epi an sekirite, sa k ap anpeche vòl idantite ak fwod lè:

- Soumisyon rapid lè yo sèvi avèk fichye elektwonik ak depo dirèk ranbousman taks ou. Soumisyon deklarasyon taks ou pi vit posib sa ka diminye chans pou yon vòlè idantite ap kapab reklame yon ranbousman taks ki gen fwod lè l sèvi avèk enfòmasyon ou ke yo vòlè. Soumisyon elektwonikman an pi an sekirite, pi rapid, ak pi efikas pase voye deklarasyon an pape pa lapòs.  
-Kontribiyab ki elijib yo kapab ranpli epi soumèt fòmalitye taks sou revni federal ak Eta New York yo sou Entènèt gratis. Lojisyèl Free File pèmèt

ou ranpli nan kay ou, sa ki elimine nesese pou pote done sansib andeyò yon kote ki an sekirite.

-Vizite sitwèb Depatman Taks la, [tax.ny.gov](http://tax.ny.gov), pou w revize diferan opsyon Free File yo. Senpleman klike sou [deklarasyon revni Free File ou a](#) sou paj akèy Depatman Fiskal la.

-Lè w chwazi depo dirèk pou ranbousman taks ou, ou pral resevwa l jiska de semèn pi bonè olye w voye l pa lapòs kòm yon chèk an papyè.

- Pwoteje done ak dokiman yo itilize pou prepare deklarasyon ou. Kenbe enfòmasyon pèsònèl sansib ak dokiman yo an sekirite pandan ak apre pwosesis soumisyon an epi efase oswa chire li yon fwa li pa nesese ankò.
- Mefye [manèv eskwokri](#), enkli mesaj tèks, imèl ak apèl telefòn ou pa solisite yo k ap mande enfòmasyon pèsònèl. Pa janm pataje enfòmasyon pèsònèl tankou nimewo sekirite sosyal ou, pou reponn ak yon imèl oswa apèl telefòn ou pa solisite. Si imèl oswa apèl la di se yon konpayi ke ou fè zafè ak li, rele li anvan pou konfime kontak la lejitim. Raketè yo souvan itilize taktik panik ak mennas ki gen rapò ak dèt fiskal pou fè ou pataje enfòmasyon pèsònèl ak finansye ou.

-Pa klike sou lyen, pa telechaje fichye oswa pa ouvri pyès jwent nan imèl ki soti nan ekspedite ou pa konnen. Louvri pyès jwent sèlman lè ou prevwa yo, epi lè ou konnen sa ki ladan yo.

- Fè atansyon ak enfòmasyon ou pataje sou rezo sosyal. Evite afiche dat nesans, nimewo telefòn, adrès kay, oswa imaj ki idantifye travay oswa pastan. Enfòmasyon sa a yo ka souvan revele repons pou kesyon sekirite yo itilize pou rekonfigire modpas yo epi yo ka itilize pa moun k ap fè fwod k ap chèche jwenn aksè ak kont ak enfòmasyon pèsònèl yo.
- Itilize modpas ki solid. Kreye diferan modpas konplèks pou chak kont. Konsidere pasfraz ki fèt ak plizyè mo kout ki fasil pou sonje men ki difisil pou yon òdinatè devine, tankou "Correct-Horse-Battery-Staple!" Konsidere itilize yon manadjè modpas ki ka ede jenere epi estoke modpas yo an sekirite.

**Ofisye Sibènetik an Chèf Eta New York, Colin Ahern, te deklare,** "New York ap pran yon wòl lidèchip nan konfidansyalite ak sibèsekirite nan kad direksyon Gouvènè Hochul. Rekòmandasyon yo bay yo ka ede Nouyòkè yo pwoteje done prive yo, espesyalman pandan sezon taks la."

**Komisè pa Enterim Enpo ak Finans Eta New York la, Amanda Hiller, te deklare,** "Sezon taks se yon momann okipe pou kriminèl sibè yo ki toujou ap chèche fason pou jwenn aksè ak vòlè enfòmasyon pèsònèl ou. Pa fè li fasil pou yo: Rete vijilan nan pwoteje enfòmasyon sansib nan swiv konsèy senp sa yo."

**Direktè Enfòmasyon Biwo Sèvis Teknoloji Enfòmasyon Eta New York la, Angelo 'Tony' Riddick, te deklare,** "Nan kad lidèchip Gouvènè Kathy Hochul, Eta New York te pran mezi enpòtan pou amelyore sekirite sou entènèt nan pwoteje enfòmasyon pèsònèl yo, minimize risk yo, epi bay kontribyab yo zouti yo bezwen pou ede pwoteje tèt yo kont

sibèkriminèl yo. Sèvi ak konsèy senp sa yo pou pwoteje enfòmasyon sansib ou yo epi rete vijilan kont nenpòt ak tout fwod fiskal potansyèl yo."

**Direktè Enfòmasyon Biwo Sèvis Teknoloji Enfòmasyon Eta New York la, Michele Jones, te deklare,** "Sezon taks pote pi gwo risk pou moun ak fanmi yo lè sibèkriminèl yo ap chèche eksplwate enfòmasyon sou entènèt pou rezon twonpe. Pandan Semèn Taks la, mwen kontinye ankouraje tout Nouyòkè pou yo rete vijilan ak sekirite pèsònèl yo sou entènèt epi suiv pi bon pratik ak konsèy nou yo."

**Sekretè Deta Eta New York la, Robert J. Rodriguez, te deklare,** "Nouyòkè yo dwe toujou vijilan nan pwoteje enfòmasyon pèsònèl yo, men sezon taks la prezante yon risk inik lè raketè yo ap travay pou vòlè enfòmasyon konfidansyèl pou vòlè ranbousman taks yo. Soumèt deklarasyon taks ou bonè non sèlman garanti yon ranbousman pi bonè, men tou diminye chans pou w tonbe viktim anba vòl deklarasyon taks ou ak potansyèlman, idantite ou. Pran prekosyon epi rete pwo-aktif lè ou swiv konsèy sa yo, se pi bon fason pou pwoteje tèt ou ak dola ranbousman taks ou yo".

### **Rapòte li**

Si ou se yon viktim oswa kwè ou ka yon viktim vòl idantite ki gen rapò ak taks, alète nou sou sa touswit. N ap swiv enfòmasyon ou yo pou ede kenbe yo prive ak pwoteje. Ale sou pajwèb [Rapòte fròd, eskwokri, ak vòl idantite](#) Depatman Fiskal la.

Jwenn aksè ak plis enfòmasyon ak [resous edikatif](#) ki soti nan bilten ITS ak [Biwo Sekirite Enfòmasyon an Chèf NYS la](#).

Pou plis enfòmasyon sou fason yo tronpe kontribiyab yo, tanpri vizite tou paj wèb [Eskwokri kont Kontribiyab](#) Divizyon Pwoteksyon Konsomatè a. Pou plis resous prevansyon ak diminisyon vòl idantite, rele Liy Asistans pou Konsomatè a nan 800-697-1220 oswa vizite paj wèb [Program Prevansyon ak Diminisyon Vòl Idantite](#) Divizyon an.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418